

Avi sou Pratik Konfidansyalite

DCF-2236 04/03 (New)

Avi sa a dekri kouman enfòmasyon medikal ou yo kapab itilize epi
divilige ak kijan ou ka jwenn aksè a enfòmasyon sa a.



Tanpri li avi sa ak atansyon.

Depatman Timoun ak Fanmi (DCF) an federalman mandate pou prezèv konfidansyalite enfòmasyon sante ou yo ak vle enfòme ou sou pratik DCF sou pwoteksyon enfòmasyon sante ou yo. DCF nan obligasyon pou respekte tèm avi sa a. Enfòmasyon DCF konsève yo ka soti bò kote nenpòt fournisè ou konsilte lòske ou se yon kliyan DCF. Enfòmasyon DCF anrejistre epi konsève yo konnen sou non Enfòmasyon Sante Pwoteje, oswa PHI. DCF p ap itilize oswa divilige PHI ou san otorizasyon ou, eksepte jan sa dekri nan avi sa a.

DCF rezèv dwa pou chanje pratik nou yo epi fè nouvo dispozisyon efikas pou tout Enfòmasyon Sante Pwoteje yo konsèv. Si pratik enfòmasyon DCF yo chanje, DCF ap modifiey avi a epi li pral rann avi a disponib sou demann oswa apre nouvo dat antre anvigè avi a. Avi sa a anvigè depi 14 avril 2003.

Definisyon	<p>Endividé deziyen moun ki fè objè enfòmasyon sante pwoteje.</p> <p>Enfòmasyon Sante Pwoteje vle di enfòmasyon endividiyèl idantifyab ki konsisteve oswa transmèt sou kelkeswa fòm lan.</p> <p>Otorizasyon se pèmisyón pasyan an oswa responsab pasyan an bay pou itilize oswa divilige enfòmasyon sante pwoteje pou lòt rezon ke operasyon swen sante; pa egzanp, tès VIH oswa tès depistaj abi sibstans.</p>	<p>Tretman se pwovizyon, kowòdinasyon, oswa jesyon swen sante ak sèvis ki gen rapò ak youn oswa plizyè fournisè swen sante.</p> <p>Pèman an se ansanm de aktivite ke yon plan sante oswa yon fournisè swen sante antreprann pou jwenn oswa bay ranbousman pou bay swen sante.</p> <p>Operasyon Swen Sante yo konpoze de aktivite administratif, finansye ak legal ki sipòte fonksyon esansyèl swen sante tretman ak peman.</p>
Itilizasyon ak Divilgasyon yo	<p>PHI ou prensipalman itilize pou:</p> <ul style="list-style-type: none">Trètman - pataje ak yon lòt doktè pou tretman sa aPeman; egzanp, nan yon famasi pou medikamanOperasyon Swen Sante - Efò kalite entèn DCFRapèl pou randevou tretman oswa konferans sou plan tretman oswa pou bay enfòmasyon ki enterese ou sou tretman w oswa sante w.	<p>Divilgasyon PHI ou otorize, san otorizasyon w, kapab enkli bagay sa yo:</p> <ul style="list-style-type: none">Abi oswa Neglijans ak pwosedi legal asosyeRechèch MedikalAplikasyon LalwaJèn ki fè Objè yon Desizyon JidisyèSante PiblikEnfòme yon manm fanmi oswa yon responsab kote ou ye ak <u>eta sante ou.</u>

Ki dwa ou?

Ou menm (paran ou swa responsab ou) gen dwa pou:

- Mande pa ekri restriksyon sou kèk itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon sante pwoteje. DCF rezèv dwa pou refize restriksyon yo.
- Resewva komunikasyon konfidansyèl PHI pa yon metòd altènatif; pa egzanp, yon notifikasyon pa kourye elektwonik.
- Konsilte ak kopye dosye medikal sou yon senp demann pa ekri.
- Mande yon modifikasiyon PHI ou.
- Resewva yon bilan divilhasyon PHI ou yo pa DCF.
- Resewva yon kopi papye avi sa a sou demann:
- Revoke, pa ekri, yon otorizasyon nenpòt moman.

Kijan ou kapab rapòte yon pwoblèm?

Si w santi yo vyole dwa w sou vi prive, ou ka depoze yon plent alekri nan DCF Privacy Office (Biwo Konfidansyalite DCF), 505 Hudson Street, Hartford, CT 06106 oswa bò kote Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Imen (DHHS). Pa gen reprezay lè ou depoze yon plent.

Eske ou ta renmen jwenn plis enfòmasyon?

Si w gen kesyon epi ou ta renmen jwenn plis enfòmasyon, ou ka kontakte **DCF Privacy Officenan** 1-866-360-1734.

Mwen konprann ke dosye mwen yo pwoteje dapre règleman federal ki genyen nan Lwa 1996 sou Transparans ak Responsabilite Asirans Sante (HIPAA), Lwa Piblik 104-191.

Mwen konprann tou ke mwen ka mete restriksyon sou oswa entèdi sèten itilizasyon ak divilgasyon nenpòt ki lè, eksepte nan limit kote mezi te pran sou baz enfòmasyon ki te divilige avan yo.

Siyati kliyan/pasyan:

(oswa reprezantan otorize lè sa a nesesè)

Dat: _____

Siyati travayè DCF:

(konfirmasyon ke kliyan an te resevwa kopi avi a)

Dat: _____